



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ CLINTON MARKET COLLECTIVE KI KOUTE 3.56 MILYON DOLA A KÒM YON PATI NAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBALAVIL ALBANY AN

Pwojè a pral re-imagjine antre prensipal Vil la, ranfòse koneksyon katye a epi kreye yon baz pou biznis tanporè yo, evènman yo ak pwogramasyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon pwojè Clinton Market Collective ki pral renove Federal Park nan kwen Clinton Avenue ak Broadway pou li vin tounen Clinton Market Collective. Pwojè a, ki patwone pa Capitalize Albany, ap resewva 1.16 milyon dola nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Albany a k ap koute 10 milyon dola. Pwojè 3.56 milyon dola a te rekòmande tou pou yon sibvansyon kapital 750,000 dola Empire State Development nan men Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Kapital la, yon sibvansyon 1.1 milyon dola Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) an nan Vil Albany, ak yon sibvansyon 250,000 dola nan National Grid.

"Pwojè Clinton Market Collective la se dènye egzanp sou fason envèstisman nou yo ap transfòme kominote yo epi estimile devlopman ekonomik nan anba lavil yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè Rejyon Kapital sa a pral kreye pi bon biznis ak opòtinite travay nan zòn nan pandan y ap sipòte yon espas ki pi bèl ak pi dinamik. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Eta New York pral kontinye bay resous kominote yo bezwen pou yo pwospere, fleri epi atenn tout potansyèl yo."

Re-imagjinasyon pwopriyete inovan sa a ak yo pral lakòz kreyasyon yon espas piblik dinamik ak yon nouvo konsèp mache ki sèvi kòm yon baz pwouve pou biznis demaraj yo ak òganize divès kalite biznis tanporè ki vann an detay, pa atis lokal yo ak evènman siyati yo. Premye lokal mache a pral ranfòse yon pòtay kle nan Vil Kapital la nan pye Skyway la ki akeyi plis pase 20,000 moun chak jou, sa ki ankre wòl Clinton Square alafwa kòm yon destinasyon enteresan ak yon antre akeyan nan katye lokal inik, sèn atistik ak sit komèsyal vil la.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Li enteresan pou nou wè pwojè inovan Clinton Market Collaborative sa a ki gen yon gwo pwomès ekonomik pou rezidan Albany ak Distri Kapital ki ozalantou a. Clinton Market Collective la se yon katalizè k ap

ankouraje rezijans Clinton Square la lè li sèvi kòm yon kote inik pou nouvo biznis yo grandi, manm kominote yo pou rasanble ak vizitè yo pou yo akeyi yo nan vil la. Bèl espas piblik ki dinamik yo se pati entegral revitalizasyon anba lavil la, epi mwen fyè dèske Depatman Deta (Department of State, DOS) kapab sipòte pwojè enpòtan tankou sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an."

Kreyasyon Clinton Market Collective la pral elaji pwen fò ak opòtinite enpòtan Clinton Square la ke yo pral pwofite atravè envestisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la. Li se yon pòtay prensipal ki menen nan Vil Kapital la, ki sèvi kòm pòt devan Albany pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ak vizitè andeyò eta, ki gen ladan plizyè milye moun ki vin travay isit la chak jou ak rezidan yo ki rele Clinton Square lakay yo. Zòn sa a gen yon eritaj istorik rich ki reprezante pa divès estil ak moniman achitektirèl, tankou Albany Union Station ak Quackenbush House.

Clinton Market ap konplèman Skyway ki adjasan an, ki se inik pak lineyè ki elve nan Rejyon Kapital la - yon pwojè ki te fèt menm jan an nan kad jesyon òganizasyon devlopman ekonomik Vil Albany, Capitalize Albany, ak èd finansman nan kad yon prim sibvansyon Inisyativ Konsèy Rejyonal.

Pandan konstriksyon an ap fèt, Capitalize Albany ap antre nan yon etap enpòtan pou ranmase lajan pou sipòte apò ekipman kle siplemantè sit la nan espas ki nesèsè pou aktive konsèp mache a. Kòporasyon an te òganize plizyè opòtinite parennaj antrepriz ki trè vizib pou sipòte espas vandè semi-pèmanan pwojè a nan resipyan transpò espesyalize, yon etap pèfòmans, syèz deyò ak plis ankò.

Sit Clinton Market la entoure pa Clinton Avenue nan sid, Broadway sou lès, North Pearl Street sou lwès ak bilding Federal Leo W. O'Brien lan nan nò.

Yo te nonmen Vil Albany kòm venkè Rejyon Kapital la pou [Twazyèm Faz](#) Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Plan DRI Albany an konsantre sou revitalize Clinton Square pou kreye yon pòtay akeyan nan Vil Kapital la. Zòn sa a ki konpak ak epi ou ka mache ladan l, rich an istwa, atizay ak richès kiltirèl, se kote senk zòn envestisman nan vil la konvèje. Vil la imajine revitalizasyon Clinton Square dirèkteman pandan l ap bay envestisman entèkalè, amelyorasyon koridò, ak pwojè revitalizasyon lojman ki sible. Avèk envestisman DRI, rezidan, vizitè ak mendèv la pral jwi nouvo lyen vè Rivyè Hudson lan.

Clinton Square sou wout pou li tounen yon distri pasrèl ki pwospè ak yon santral distenktif ki konekte ak katalize aktivite nan anba lavil ak Distri Depo, epi atire elan sa nan katye Arbor Hill ak Sheridan Hollow atravè amelyorasyon enfrastrikti piblik, devlopman pwojè prive ak envestisman nan domèn atistik dinamik ak divètisman.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè Clinton Market Collective la se jis dènye egzanp sou fason Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la kontinye soufle nouvo lavi nan sant vil la, atravè envestisman estratejik nan pwojè ki kreye dinamik, opòtinite ak angajman. ESD

fyè pou l rejwenn Depatman Deta a ak lòt patnè nan sipòte yon espas piblik ki pral plis dinamize anba lavil Albany kòm yon kay pou inovasyon atistik, biznis ki vann an detay ak biznis demaraj yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Clinton Market Collective se yon bèl egzanp sou fason envesti dirèkteman nan kominote nou yo ka transfòme zòn ki pa itilize yo an espas piblik dinamik ki ankouraje devlopman ekonomik ak revitalize anba lavil nou yo. Mwen fyè de efò mwen pou bay finansman Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) ki te rann pwojè sa posib, epi mwen bat bravo pou ekip Capitalize Albany ak tout moun ki enplike nan efò sa a pou travay di yo ak devouman yo pou fè Albany vin yon pi bon kote pou viv, travay, epi grandi yon fanmi."

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Renovasyon inovan Pak Federal sa a nan kwen Clinton Avenue ak Broadway nan Clinton Market Collective ki pral konplete Skyway adjasan an pral ede kontinye revitalizasyon anba lavil Albany an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak ekip li a nan Depatman Deta ak Devlopman Empire State pou angajman kontinyèl yo pou wè Vil Albany ak tout Rejyon Kapital la pwospere."

Manm Asanble, Pat Fahy, te deklare, "Clinton Square te deja istorikman reprezante yon lyen pou komès, biznis ki vann an detay, ak fè acha atravè istwa dinamik Albany an. Clinton Market Collective make kontinyasyon istwa enpòtan sa a epi li pral sèvi Vil Kapital New York byen kòm yon pòtay modèn ak akeyan ki montre sa ki pi bon nan ekonomi nou an, kilti, kominote ki pratik pou pyeton, ak atizay yo gen pou ofri vizitè yo ak rezidan yo. Mèsi ak Sekretè Deta New York la, Robert Rodriguez, Capitalize Albany, Empire State Development, ak anpil lòt ki te kolabore pou ede revitalize yon lòt pati nan sant Rejyon Kapital nou an; ki se anba lavil Albany."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Clinton Market Collective pral bati sou siksè Albany Skyway la lè li vin yon enkibatè pou ti biznis yo ak kreye opòtinite kiltirèl ki pral atire vizitè nan zòn nan. Mwen bat bravo pou tout travay eta mwen an ak patnè lokal mwen yo fè pou vitalize pwojè sa a. Envesti nan kominote anba lavil nou yo enpòtan anpil pou tout kominote nou yo, epi mwen pa ka tann pou m wè tout sa Clinton Market Collective pral pote nan Vil Albany ak pi gwo Rejyon Kapital la."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Bagay enteresan k ap pase toupatou nan Vil Kapital New York la, tankou konstriksyon Clinton Market Collective – ki se yon pwojè ki pral transfòme yon espas ki pa itilize ase an yon destinasyon dinamik ak akeyan ki apwopriye pou youn nan pòtay Albany yo. Sa a se yon eleman kle nan efò kontinyèl nou yo pou revitalize enfrastrikti demode - menm jan nou te fè ak Albany Skyway ak Quackenbush Square - epi fè l tounen yon bagay ki alafwa itil ak bèl pou vizitè yo ak rezidan yo pou yo jwi. Se yon moman enteresan pou Albany, epi mwen vle remèsye tout moun ki te ede defann pwojè sa a, tankou Gouvènè Hochul, Sekretè Deta Eta New York Rodriguez, Vis Prezidan Sena Eta New York la Pro Tempore Breslin, Manm Asanble Fahy, Manm Asanble McDonald, Manm Konsèy Love, Prezidan Capitalize Albany Corporation Ian Sarah Reginelli, ak katye avwazinant yo ak kominote

biznis lan. Mwen vle remèsye tou Prezidan Biden, Lidè Majorite Sena a Schumer, Senatè Gillibrand, ak manm Kongrè Tonko paske yo te rann Plan Sekou Ameriken an posib sa k ap k ap ede rann yon pati enpòtan nan pwojè sa a posib atravè pwogram sibvansyon Albany for All nou an."

Prezidan Capitalize Albany Corporation lan, Sarah Reginelli, te deklare, "Anpil moun te deja fè entèvansyon pou bay pwojè sa a lavi, nou rekonesan anvè plizyè santèn manm kominote a ki te pataje lide yo pou transfòme espas sa a pandan pwosesis planifikasyon Clinton Square DRI a, epi mès ak National Grid, Depatman Deta, Empire State Development ak Vil Albany pou asistans nan aktive pòtay vil kle ki pa eksplwate sa a. Lòt ekipman enpòtan pou sit la nesèsè pou avanse konsèp mache a epi nou pa ka tann pou nou tandè ak travay ak lòt patnè pwojè ki pral ede nou reyalize totalman potansyèl sit la. Lè yo fini, Clinton Market pral fonksyone kòm yon destinasyon ki fèt espesyalman pou pwovoke divès opòtinite pou evènman siyati yo pou bay ekspozisyon, ak grandi, konsèp komès ak vant an detay dinamik. Espas la pral atire vizitè yo nan Clinton Square epi ankouraje yo pou yo pase plis tan nan eksplòre Albany."

Brian Sano, Direktè Rejyon Jeyon Kominotè ak Kliyantèl nan National Grid, te deklare, "Sibvansyon National Grid te bay la pral ede sipòte konsepsyon, rekonstriksyon ak chanjman mak Pak Federal ki pa itilize ase a nan seksyon Clinton Square la nan Albany pou pèmèt kreyasyon yon nouvo konsèp mache ak poze baz pou pote biznis demaraj yo nan zòn nan. Anplwaye National Grid yo fè pati kominote ozalantou Rejyon Kapital la. Espwa nou se ke koneksyon enpòtan sa a ant Quackenbush Garage, Palace Theatre, ak nouvo Capital Rep Theatre a ak yon nouvo peyizaj lari piblik, ranp ADA, pasaj pou pyeton, ekleraj ak lòt ekipman piblik yo pral ede ankouraje kwasans kontinyèl nan kominote kote n ap viv ak sèvi yo."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la Ruth Mahoney, Vis Prezidan Egzekitif, Prezidan Jeyon Richès ak Prezidan Rejyon NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "Plan pou nouvo pwojè Clinton Market Collective la rekonèt anpil resous inik Albany yo, soti nan istwa rive nan atizay ak komès, epi yo pral ede konekte ak montre yo nan espas revitalize sa a. DRI sipòte yon vizyon pou sant vil yo kòm sant dinamik pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo epi fè vizyon sa a vin yon reyalyte - epi nou espere akeyi nouvo ogmantasyon sa a nan katye Clinton Square la."

Georgette Steffens, Direktris Egzekitif BID Anba Lavil Albany an, te deklare, "Pwojè enkwayab sa a pote transfòmasyon poukont li, epi lè w konsidere ke yon vil ap jije dapre jan li akeyi vizitè li yo, Clinton Market Collective se literalman yon revolusyon. Sa ki te yon teren ki pa itilize ase pral byento sèvi kòm yon akèy dinamik pou moun k ap viv, travay, ak rekreye isit la - yon chif k ap kontinye grandi kòm plis pase 70 pousan anplwaye Anba Lavil la retounen nan biwo a, 1,000èm inite rezidansyèl distri nou an vin sou entènèt, epi nchif evènman yo te depase nivo anvan COVID-19 yo. Antanke Distri Sosyal Santral Albany, BID ap travay pou prezante moun yo tout sa yo ki ka fè eksperyans ak li isit la, epi Clinton Market Collective pral sèvi kòm yon ankraj

koneksyon enpòtan ant Albany Skyway atizay ak amizman, acha, restoran ak atizay piblik klas mondyal ke yo ka jwenn sèlman isit la. Felisitasyon pou Capitalize Albany pou inogirasyon jodi a, ak a tout patnè ki te rann pwojè sa posib."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)